



Soma utahure uko wokorora inkiko

**REKA TUVUGE K'UMUGAMBI
WOKORORA INKOKO.**

Iyo umaze kunva ko wokorora inkoko muburyo butanga inyungu, bitandukanye no kuba wokorora inkoko kugira uzuraronka inyama ufungura. Kubera ko zorogwa ugutandukanye. Niwasoma ugatahura, uramenya uburyo wokwitwara mubworozi bw'inkoko. Turasigura muburyo (2). Buri buryo bwose butanga inyungu bitewe nuko umworozi abishaka.

Imbere yo kubandanya nagira manze nkwibutse ko ivyusoma hano, atarinyigisho ushobora kuronkamwo urupapuro gw'ubumenye. Iyi nyandiko twayiteguye mugufasha aborozi bigenga. Ushobora kuba uzi vyishi kubworozi ibi bikakubera inyunganiro.

Uburyo bwambere (1)

Ubworozi bw'inkoko ushaka kuzurabaga ukaronka inyama, nihamwe worora inkoko ukazirekura zigatoragura ivyozirya bizirondereye hanze canke murupangu. Zishobora kuba arinkeya canke arinyishi ariko zitagera 50. Iyo zimaze kurenga inkoko 60, murikigihe ntiwarukwiye gufata ko arizowirira wenyene, harinabandi izowewe wita ko arinkeya, bashobora guherako bazitanguzamwo ubucuruzi. Murico gihe iyo udashaka ko

Murico gihe iyo udashaka ko uzishira mubudandaji, wirinda kuzishirako amahera meshi.

Ahusanga atamuganga yigenga wazihaye, ahudashobora kuzigurira ivyozirya burimusi, ahudashobora kuzubakira muburyo bwumutekano.

Murikigihe ushobora kutaba ufise umukozi kubera ko aba atanyungu yamafaranga ugamije, ushobora nokuba uzoroye muburyo bwo kwinezereza wewe ubwawe, kandi ukunva urabikunze cane. Wibuke ko inkoko itanga umwimbu w'amagi n'inyama. iyo arinyishi, zishobora kuguha inyungu

Uburyo bwa kabiri (2)

Ubworozi bw'inkoko ushaka ko ziguha amahera, zo zitandukanye korora nizo zambere, ukubigenza: manza wiyunvire igitigiri c'inkoko ushaka kugerako, niwaheza umanze urabeko ushobora kuronka ivyuzigaburira kugira ziguhe umwimbu ushaka, niwabona hahari, ucuraba ko ufise ikibanza cokuzororeramwo gikwiye cagitigiri wipfuza, uhejeje raba ko agace ushaka kororeramwo karimwo isoko

ahuzozidandariza) kuko
harahusnga kuvyukuri wororeye
ahantu bitoshoboka ko uterimbere
bitewe nuko ababa ahohantu
bazitungiye kubwishi, muricogihe
vyogusaba kuza urazishora kure
aho arayandimahera woba
ukoresha. Niwaheza tangura
utegure ahuzozishira, habe
ariheza, isuku uhubakire neza
ntizinyagigwe, canke ngo
zikubitwe n'izuba kandi vyiza
ukazigabagura mumurwi. Rondera
ahukura ubumenye nabuke
kubworozi bw'inkoko

harimwo nko kumenya nizihe
ngwara zikunda gutera inkoko?,
nimugihe ikihe bishika?, zivugwa
gute?, zikeneriki kugira zikure
vuba, niyihe ngaburo woha
izitamagi?, niyihe ngaburo baha
izinyama? Niwamara
kuronkamakuru yose ajanye
nivyobibazo, hazoba hageze ko
utangura gushiramwo inkoko zawe
ahowubatse. Irinde gukoresha
amahera adakenewe harimwo nko
kugaburira insake nyishi zigeze
kugurisha kuko haragera igihe
inkoko idasubira kurenza
uburemere ifise icogihe ugumye
uyigaburira kandi itarenza

uburemere ifise icogihe ugumye
uyigaburira kandi itarenza
uburemere ifise aba aruruhombo
runini, mugihe arisake.

Kunkokokazi nazo iyo hageze aho
itakibasha guta ukubishaka, nayo
ntugume uyigaburira, zishire
kwisoko uronke amahera kuko
nico ubugamije kuronka. Kora
ibishoboka vyose uzirinde
kugwara, uzirinde gupfisha imiswi
myishi, kandi wirinde
abazigendera burikanye kuko
hanze hava imigera atarimyiza
kubitungwa.

Gerageza kurondera amasoko
ahushobora kudandariza inkoko
zawe bitakugoye, vugana n'abandi
borozi boroye inkoko kugira
umenye vyishi utaruzi.

Niwabigenza uko, uzorora utunge
utunganigwe uronke ivyo ushaka
bivuye m'ubworozi bw'inkoko.

TKTC.

www.tktchome.com